



Ifishe y'ikoreshwa ry'agafu kavuye mu ntete za nime mu kugwanya impfunya y'ibigori

Ubushikiranganji bw'Uburimyi, Ubworozi n'Ibidukikije


1. Impfunya

Intambwe z'ubuzima bw'Impfunya : Impfunya ni urunyo rw'ikinyugunyugu, yona mw'ijoro, bayita *spodoptera frugiperda*.

Ico kinyugunyugu gita amagi ku ruhande rwo munsu rw'amababi y'ibigori canke y'ibindi binyantete. Impfunya zikiva mu magi, zica zitangura kuharagata zihereye aho amagi yari, hanyuma zigakura ziciye ku ntambwe zitandatu. Ku ntambwe ya gatatu, izo mpfunya zirashobora kurekura utunyuzi zireretako, bigatuma umuyaga uzishwiragiriza ku bindi biterwa zishobora kwona. Ziraheza zikerekeza ku mababi yo mu kanwa atarizingurura (aho zibandanya kwona). Impfunya ziheza gukura mu kiringo kiri hagati y'iminsi 4 na 22 mu mezi haba hari ubushuhe (ku rugero rwa °C 28).

Ibimenyetso : Impfunya ziraharagata amababi agasigara afise uduce tubonerana canke agatobagurika. Imyanda yazo iribonekeza ku mababi yo mu kanwa acizinze.

Uko zonona : Ibiterwa vyafashwe bikiri bito cane (hakiri kare) birononekara rwose kugeza n'aho urugero rw'umwimbu rugabanuka ku bice birenga 50 kw'ijana.




Ishusho 1: Impfunya : Intambwe z'ubuzima (A), Urunyo rw'impfunya ku biringo bitandukanye (B) Uko zonona (C). (Source : FAO and CABI)

2. Kurwanya impfunya hakoreshejwe umuti uva mu gafu k'intete za nime

Ingene ukora: Mu kurwanya impfunya harashobora gukoreshwa imiti iva mu biterwa. Umuti uva mu gafu nk'intete za nime (*Melia Azadirach* et *Azadirachta indica*) uragabanya akayabagu k'impfunya bigatuma zitagwira. Agafu k'intete za nime karakoreshwa mu gutegura umuti umeze nk'umutobe.

Urugero mfatiro kugira batangure kuvura : Isukira ry'umuti ryatangura mu gihe hibonekeje ibiterwa biri hagati ya 5 na 10 vyafashwe. Igendurwa ry'umurima w'ibigori ritegerezwa kuba kuva bikimera kugira ntucererwe kubivura.



Ishusho 2: Igiterwa ca nime gifise intete : *Melia azedarach* (A et B) et *Azadirachta indica* (C et D). Source : TetianaSavalenko et Anna Anichkova

Itegurwa n'ikoreshwa ry'umuti uva mu gafu k'intete za nime

- Amura intete za nime ;
- Sya unoza intete za nime kugeza uronke agafu ;
- Pima ibiro 3 vy'ako gafu, ubishire muri litiro 15 z'amazi ;
- Rekera ako gafu n'amazi binywane kugeza ku kiringo c'amasaha 24, amazi aja arahinduka atera asa n'ivu uko umwanya ugenda urahaca;
- Mimina umutobe ukoresheje igitambara ca nilo c'amaso matomato cane hanyuma uce uwucuranurira mw'ipompo ;
- Sukira (pompa) uwo mutobe (umuti) ku mababi y'ibigori yo mu kanwa. Ivyo bigakorwa ku mugoroba ;
- Isubirize gupompa inyuma y'aminsiri hagati ya 7 na 10 kandi upompe umurima nimiburiburi incuro 4 kuko uwo muti utituka ningoga.

Menya neza:

- Gusukira umuti ku mugoroba nivyo vyiza kuko impfunya zona cane cane mw'ijoro ;
- Irinde gusukira uwo muti imvura igira igwe kuko ica iwukurako ;
- Gukoresha uwo muti ubwo nyene ugitegurwa kuko ivyo kuwubikira ikindi gihe bitarigwa neza.



Intete za nime zumye neza



Sya neza intete za nime kugeza habonetse ifu inoze



Shira ifu mu mazi uyirekeremwo mu kiringo c'amasaha 24



Sukira buno nyene uwo muti ku mababi yo mu kanwa



Menya neza: Kurikiza ivyavuzwe ku rupapuro rwa mbere

Mimina umutobe (umuti) ukoresheje akayungiro canke igitambara ca nilo vyose bifise amaso matomato cane

Ishusho 3 : Intambwe z'itegurwa ry'umuti uva mu gafu k'intete za nime ukoreshwa mu kurwanya impfunya